



**ASESMEN MADRASAH  
MI PSM NGALE  
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari/Tanggal : Rabu, 8 Mei 2024

Kelas : 6

Waktu : 10.00 – 12.00

**Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan memilih huruf A, B, C, atau D pada pertanyaan berikut!**

1. Teks kang ngandharake kadadean sabenere diarani teks ....
  - A. fiksi
  - B. persuasif
  - C. informasi
  - D. narasi
  
2. Dadi manungsa kudu sing welas asih, aja duweni sifat ....
  - A. asih tresna
  - B. angkara murka
  - C. andhap asor
  - D. sopan santun
  
3. Mas, tulung tukokna gula sekilo ing warung!  
Ukara ing dhuwur kalebu ukara ....
  - A. pakon
  - B. pitakon
  - C. tanduk
  - D. tanggap
  
4. Kula sampun tindak kalawau jam tiga sonten.  
Ukara ing dhuwur iku luput/salah manut unggah ungguh. Tembung tindak benere ....
  - A. lunga
  - B. pamit
  - C. kesah
  - D. dugi
  
5. Jenang gula legi. Yen ditulis nganggo aksara jawa wujudé ....
  - A. jel= gul lgi
  - B. jen= gul legi
  - C. jen= gul Xgi
  - D. jen=e gul lugu
  
6. Alfa nggarap PR ing omahe Adnan.  
Kang kadhapak dadi lesan ana ukara ing dhuwur yaiku ....

- A. Alfa
- B. nggarap
- C. PR
- D. ing omahe Adnan

7. *Herbalis diramu saka gegodhongan sing akeh kasiate. Diolah kanthi cara modern lan bisa ngobati akehing penyakit kaya sirah mumet, weteng mules, keju linu. Herbalis bisa dipesen liwat online kanthi rega Rp500.000,00.*  
Teks iki kalebu ....
- A. iklan
  - B. pawarta Koran
  - C. deskripsi
  - D. artikel
8. **Pariwara** : Para warga Dusun Bulaksawah, suk dina Minggu tanggal 20 September 2024 kabeh kumpul ing bale dhusun kanggo nonton pentas seni remaja dhusun. Sing sapa ora nonton bakal getun! Saka pariwara kasebut bisa entuk informasi ....
- A. warga dhusun Bulaksawah
  - B. Dina Minggu tanggal 20 September 2019
  - C. ing bale dhusun bakal ana pentas seni
  - D. sing nonton bakal getun
9. “*Guna kaya purun ingkang den antebi*”  
Guru lagu lan guru wilangan cuplikan tembang macapat ing dhuwur yaiku ....
- A. 9u
  - B. 10o
  - C. 11a
  - D. 12i
10. Ana paribasan “*asu rebutan balung*” tegese ....
- A. wong tuwa njaluk warah wong enom
  - B. wes kepenak tambah oleh penak
  - C. rebutan barang kang sepele
  - D. tiwas ditenani jebul ora sida
11. *Dikethok nanging malah tambah dhuwur*, batangane cangkriman yaiku ....
- A. gajah
  - B. sabuk
  - C. kathok
  - D. genteng
12. “*Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang mboten mranani penggalih, kula nyuwun pangapunten.*”  
Ukara ing dhuwur iku kalebu perangan ... pidhato.
- A. pambuka
  - B. isi
  - C. panutup
  - D. dudutan

13. Amrih pidhatone runtut, sadurunge pidhato gawe ....  
A. dudutan  
B. persiapan  
C. aturan  
D. cengkorongan
14. Ing ngisor iki titikane cangkriman, kajaba ....  
A. ora kudu dibatang  
B. duweni sifat bedhek-bedhekan  
C. nganggo basa kiasan utawa tembung entar  
D. kadhang kala nganggo basa tradisional
15. Gajah nguntal sangkrah, kalebu cangkriman ....  
A. pepindhan  
B. bedhek-bedhekan  
C. awujud ing tembang  
D. wacahan
16. Perangane pidhato kang ngandharake pangarep-arep yaiku ....  
A. atur pakurmatan  
B. apa kang dikarepake dening pamedhar sabda  
C. wigatine saka pidhato kang diandharake  
D. atur panuwun lan pangapura
17. Pidhato uga diarani ....  
A. pamedhar sabda  
B. sesorah  
C. pranatacara  
D. pawarta
18. Pitik walik saba kebon, batangane ....  
A. nanas  
B. salak  
C. sulak  
D. tudung saji
19. Mbah Rumi adol es lan jajanan ing sekolahan.  
Kang kadhapuk dadi wasesa ing ukara dhuwur yaiku ....  
A. Mbah Rumi  
B. adol  
C. es lan jajanan  
D. ing sekolahan
20. Pak Budi wis weruh yen putrane mulih saka Surabaya.  
Tembung weruh iku benere ....  
A. ngerti  
B. ngertos

- C. pirsu  
D. miring
21. gunu= tif/, tulisan iku unine ....  
A. gunung lawu  
B. among tamu  
C. gulung tikar  
D. gunung tidar
22. Mau isuk aku wis sarapan roti karo susu.  
Saka ukara ing dhuwur kang kadhapak lesan yaiku ....  
A. mau isuk  
B. aku  
C. sarapan  
D. roti karo susu
23. *Sigra mabur ing ngawiyat nyamut-nyamut.*  
Guru lagu lan guru wilangan tembang ing dhuwur yaiku ....  
A. 12a  
B. 11u  
C. 12u  
D. 11i
24. *Keplok ora tombok, tegese paribasan yaiku ....*  
A. gelem melu seneng nanging emoh melu ragat  
B. tumindak ala kanthi kongkonan wong liya  
C. katone nulung nanging malah nyusahke  
D. wong sing akeh omonge nanging ora ana nyatane
25. *Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung, dawa kaya ula,  
Pencokanmu wesi miring, sing disaba pocung mungi turut kutha*  
Tembung pocung iku mau bedhekane ....  
A. penthol korek  
B. ali-ali  
C. dom bolah  
D. sepur
26. *Dhumateng Bapak Kepala Madrasah ingkang kula hormati  
Dhumateng bapak ibu guru ingkang minulya  
Lan dhumateng rencang-rencang ingkang kula tresnani*  
Ukara ing dhuwur kalebu perangan pidhato ....  
A. pambuka  
B. pakurmatan  
C. tetepungan  
D. puji syukur
27. Pakdhe seneng open-open kebo, sapi, wedhus. Kebo, sapi, wedhus iku kalebu jenise ....  
A. rajabrana



33. *Diresmekake dadi warisan budaya khas Indonesia dhek tanggal 2 Oktober 2009, bathik saiki nduweni jeneng sing linuwih ing nusantara. Ora mung diminati saka tiyang sepuh, batik uga saiki dadi salah siji trend kanggo cah enom. Luwih-luwih kanthi perkembangan model klambi batik sing saya trendi lan melu model fashion anyar, kajaba junjung aji budhaya kanthi nganggo batik uga ora kalah fashionable.*  
 Ukara kang ana paragraph ing dhuwur yaiku ....
- Batik diresmekne dadi warisan budaya khas Indonesia dhek tanggal 12 Oktober 2019
  - Ora mung diminati tiyang sepuh, batik uga dadi salah siji trend kanggo cah enom
  - Kajaba junjung aji budhaya kanthi nganggo batik uga ora kalah fashionable
  - Model trend batik mung diminati dening tiyang sepuh
34. Ing ngisor iki sing kalebu tuladhane pidhato ora resmi yaiku ....
- pidhato presiden
  - pidhato kenegaraan
  - pidhato ing sekolahan
  - pidhato manten
35. Kang kalebu fungsine cangkriman ing ngisor iki, yaiku ....
- sarana pertunjukan
  - sarana pagelaran
  - sarana hiburan
  - sarana pendidikan

**BENAR SALAH (untuk soal nomor 36 sampai dengan 40)**

**Berikan tanda Centang (✓) pada kolom *BENAR* jika jawaban benar, dan pada kolom *SALAH* jika jawaban salah!**

36. Gatekna tembang macapat ing ngisor iki!

<b>Pocung</b>
Marang liyan kudune sing guyub rukun, Urip sesandhingan, Senadyan beda agami, Nyembadani mring katentremaning praja

Rembugen isine tembang macapat ing dhuwur, wenehana tandha bener utawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. tembang macapat ing dhuwur kedadean saka 5 gatra		
b. marang wong sing beda agami kudu tansah guyub rukun		
c. guru lagu lan guru wilangan tembang ing dhuwur : 12-u, 6-a, 8-I, 12-a		

37. Gatekna paugerane tembang macapat ing ngisor iki, wenehana tandha B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. cacahing larik saben sagatra iku diarani guru gatra		
b. guru lagu yaiku aksara swara (urip/vocal) ing saben pungkasaning gatra/larik		
c. paugerane tembang macapat iku ana 3, yaiku guru lagu, guru gatra, lan guru madya		

38. Gatekna ukara-ukara kang nganggo paribasan, bebasan, lan saloka. Centangen kolom B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. akeh wong sing kesusahan amarga ketaman bencana, bebasane udan tangis.		
b. wong tuwa njaluk warah marang anake iku salokane kebo kabotan sungu		
c. wong sing kakehan omong nangisng ora ana nyatane kui paribasane kakehan gludhug kurang udan		

39. Gatekna ciri-cirine cangkriman ing ngisor iki banjur wenehana tandha B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. Tembunge dawa-dawa		
b. Unen-unen kang kudu dibatang/dibedhek		
c. Digunakake kanggo gegojegan		

40. Cangkriman iku cacahé ana papat yaiku arupa tembang, wacahan, pepindhan, lan plesetan. Jenise cangkriman ing ngisor iki yen bener wenehana tandha huruf B, yen salah S!

Pernyataan	Benar	Salah
a. “pitik walik saba kebon” kalebu cangkriman tembang		
b. “pakbo letus” kalebu cangkriman wacahan		
c. “sega sekepel dirubung tinggi” kalebu cangkriman pepindhan		